

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab diébréhkeun perkara métode panalungtikan nu ngawengku (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan raket patali jeung pamarekan katut métode panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif, nyaéta pamarekan anu maham kana fénoména nu dialaman ku subjék panalungtikan. Misalna waé paripolah, persépsi, motivasi, tindakan, jsb anu diulik sacara holistik ku cara déskripsi dina wangun kekecapan anu alamiah jeung ngamangpaatkeun métode ilmiah (Moleong, 2017, kc. 6). Panalungtikan nu maké pamarekan kualitatif ngaguar perspéktif panalungtik ku cara multi strategi, strategi-strategi anu sipatna interaktif, saperti observasi langsung, observasi partisipatif, wawancara, dokumén-dokumén, téhnik-téhnik palengkep saperti gambar, jeung rékaman (Sukmadinata, 2017, kc. 95). Ieu pamarekan digunakeun lantaran sipatna anu leuwih subjéktif

Ari métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3), métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén anu hasilna ditulis dina wangun panalungtikan. Dumasar rumusan masalah jeung tujuan anu geus dijelaskeun, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngadéskripsikeun wanda kalimah basa Sunda dina média sosial *twitter*. Dina ngalaksanakeun panalungtikan, sangkan leuwih écés prosés panalungtikan digambarkeun dina désain panalungtikan. Désain panalungtikan nyaéta rarancang anu dibagankeun saperti dina bagan 3.1.



Bagan 3. 1
Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data jadi hal anu penting dina panalungtikan. Data anu jadi bahan panalungtikan nyaéta wanda kalimah basa Sunda dina média sosial *twitter*. Data anu digunakeun nyaéta *tweet* atawa kalimah basa Sunda anu ditulis dina bulan Mei nepi ka Juni 2021.

Pikeun ngumpulkeun data diperlukeun sumber data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nyaéta subjek anu bisa dipaké pikeun meunangkeun data. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah-kalimah basa Sunda dina *twitter* tina sababaraha akun *base* (kelompok) urang Sunda jeung akun pribadi, nyaéta @Bandungfess, @Sunda_fess, @Sundastruggles, jeung @WaraslahNKRI. Data jeung sumber data bisa katitén dina gambar di handap.



Gambar 3. 1
Data jeung sumber data

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokumentasi. Dokumén mangrupa bahan-bahan tinulis. Jadi, studi dokumentasi nyaéta téhnik pikeun diajar jeung nganalisis bahan-bahan tinulis. Luyu jeung pamadegan Lincoln jeung Guba (dina Arifin, 2014, kc. 243), aya sababaraha alesan ngagunakeun téhnik dokumentasi, nyaéta (1) dokumén jeung catetan bisa digunakeun lantaran gampang ditéang jeung rélatif murah, (2) mangrupa informasi anu mantap, boh dina ngaréfléksikeun situasi sacara akurat boh dina nganalisis ulang tapi henteu kudu

Tiara Camelia, 2022

WANDA KALIMAH BASA SUNDA DINA MÉDIA SOSIAL TWITTER (Ulukan Sosiopragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngaliwatan parobahan, (3) dokumén jeung catetan mangrupa sumber informasi anu beunghar, (4) dokumen jeung catetan téh mangrupa sumber resmi anu henteu bisa disangkal, jeung (5) dokumen jeung catetan téh *nonreactive*, hartina henteu méré réaksi atawa réspon kana panalungtik.

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun wanda kalimah basa Sunda dina média sosial *twitter*. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data anu mangrupa kalimah basa Sunda dina *twitter* dina jangka waktu Mei nepi ka Juni 2021;
- b. Maca *tweet* atawa kalimah anu maké basa Sunda;
- c. Nyirian kalimah dumasar kana wanda, kontéks sosial, jeung unsur-unsur pragmatik;
- d. Nyalin kalimah-kalimah tina *twitter* anu geus dikumpulkeun kana kartu data; jeung
- e. Mindahkeun data anu geus dikumpulkeun dina kartu data kana tabél data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat bantu anu dipaké dina waktu panalungtikan dumasar kana hiji métode (Arikunto, 2013, kc.192). Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta maké kartu data. Sakabéh data ngeunaan fungsi pragmatik basa Sunda dina akun *twitter* disalin kana kartu data. Eusi tina kartu datana ngawengku tujuh hal, nyaéta:

- 1) nomor data;
- 2) kode data;
- 3) téks;
- 4) wanda kalimah;
- 5) kontéks sosial anu nyoko kana aspék UNGKARA; jeung
- 6) ma'na pragmatik kalimah.

Lamun data geus kakumpulkeun, tuluy disalin deui kana tabel anu geus dipasing-pasing. Conto kartu data saperti dina tabél 3.1

Tabél 3.1
Kartu Data

| | | |
|---|---|---|
| Nomor Data: 1 | | |
| Kode Data: @Bandungfess/11/05/2021/1 | | |
| Data tweet: | | |
|  | | |
| <p>T: Euy kumaha maraneh geus meuli baju lebaran daks? Urang mah henteu meuli sih wk</p> <p>B: Teu urang gé, horéam meulina. Mun onlén sieun teu pas ukuranna. Geus wé cicing di imah maké daster da lebaranna gé teu kamana-mana</p> | | |
| Wanda Kalimah | | |
| Kontéks Sosial | Undak-Usuk Basa | <input type="checkbox"/> Hormat <input type="checkbox"/> Loma |
| | Nu Maké Basa & Nu Dicaritakeun | |
| | Galur Omongan | |
| | Kasang Tukang Tempat, Waktu, Suasana | |
| | Alat Nu Digunakeun | |
| | Rasa | |
| | Nada | |
| | Ragam Basa | |
| | Amanat | |
| Ma'na Kalimah | <input type="checkbox"/> Komisif <input type="checkbox"/> Impositif <input type="checkbox"/> Éksprésif <input type="checkbox"/> Asértif | |
| | | |

Keterangan:

@Bandungfess : Ngaran akun *twitter*

11/05/2021 : (11) tanggal ditulis, (05) bulan ditulis, (2021) taun ditulis

1 : Nomor data

T : *Tweet*

B : Balesan

Dumasar kana kartu data di luhur, tuluy disusun format analisis data saperti dina tabél ieu di handap.

Tabél 3. 2
Format Tabél Data dina Média Sosial Twitter

| NO | NO DATA | DATA | KODE DATA |
|----|---------|---|---------------------------|
| | (01) | T: Euy kumaha maraneh geus meuli baju lebaran daks? Urang mah nteu meuli sih wk B: Te urg ge, hoream meulina. Mun onlen sieun teu pas ukuranna. Geus we cicing diimah make daster da lebaranna ge te kamana-mana | @Bandungfess/11/05/2021/1 |

Tabél 3.3
Format Tabél Wanda Kalimah

| NO | NO DATA | WANDA KALIMAH | KODE DATA |
|----|---------|---------------|-----------|
| | | | |

Tabél 3.4
Format Tabél Undak-Usuk Basa Sunda

| NO | UUBS | F |
|----|--------|---|
| 1. | Hormat | |

Tiara Camelia, 2022

WANDA KALIMAH BASA SUNDA DINA MÉDIA SOSIAL TWITTER (Ulukan Sosiopragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | | |
|----|------|--|
| 2. | Loma | |
|----|------|--|

Tabél 3.5
Format Tabél Topik omongan

| NO | Topik | F |
|-----------|----------------|----------|
| 1. | Salancar | |
| 2. | Jembar | |
| 3. | Sambung-luncat | |

Tabél 3.6
Format Tabél Laku Basa

| NO | Laku Basa | F |
|-----------|------------------|----------|
| 1. | Lokusi | |
| 2. | Ilokus | |
| 3. | Perlokusi | |

Tabél 3.7
Format Tabél Rasa

| NO | Rasa | F |
|-----------|-------------|----------|
| 1. | | |
| 2. | | |
| 3. | | |

Tabél 3.8
Format Tabél Nada

| NO | Nada | F |
|-----------|-------------|----------|
| 1. | | |
| 2. | | |
| 3. | | |

Tabél 3.9
Format Tabél Amanat Omongan

| NO | Amanat Omongan | F |
|----|----------------|---|
| 1. | | |
| 2. | | |
| 3. | | |

Tabél 3. 10
Format Tabél Ma'na Pragmatik Kalimah

| NO | Ma'na Pragmatik Kalimah | F |
|----|-------------------------|---|
| 1. | | |
| 2. | | |
| 3. | | |

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah atawa nganalisis data nurutkeun Bogdan & Biklen (dina Moleong 2015, kc.248), nyaéta upaya anu dilakukeun ku jalan gawé jeung data, ngaorganisasikeun data, ngawilah-wilah jadi data anu bisa dipakihikeun ngasintésiskeunana, néangan jeung manggihan pola, manggihan naon anu penting jeung naon anu bisa jadi ajaran jeung nangtukeun naon anu dicaritakeun ka balaréa.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta wanda kalimah basa Sunda dina média sosial *twitter*. Éta data diolah ngaliwatan téhnik Analisis Unsur Langsung (*Immediate Constituent Analysis*), anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Niténan deui data kalimah basa Sunda tina *twitter* nu geus dikumpulkeun;
- b. Nyieun papasingan data dumasar wanda kalimah, unsur-unsur pragmatik, jeung kontéks sosial,

- c. Nganalisis wanda kalimah, kontéks sosial, jeung ma'na pragmatik kalimah dina média sosial *twitter*;
- d. Ngadeskripsikeun wanda kalimah, kontéks sosial, jeung ma'na pragmatik tina *tweet* atawa kalimah basa Sunda; jeung
- e. Nyieun kacindekan ngeunaan wanda kalimah basa Sunda dina média sosial *twitter*.